

Dwa ak Pwoteksyon Ou Kont Sipriz Bòdwo Medikal

Lè ou resevwa swen dijans oswa lè yon founisè ki pa nan rezo a ap trete ou nan yon etablisman ki nan rezo a, sa gen ladan nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa, ou pwoteje kont faktirasyon balans. Nan ka sa yo, yo pa ta dwe fè ou peye plis pase kopeman, ko-asirans ak/oswa franchiz plan ou an.

Kisa “faktirasyon balans” ye (yo konn rele pafwa “bòdwo sipriz”)?

Lè ou wè yon doktè oswa yon lòt founisè swen sante, ou ka dwe sèten frè pou peye ak lajan nan pòch ou, tankou yon kopeman, ko-asirans, oswa yon franchiz. Ou ka gen lòt frè anplis oswa ou ka bezwen peye tout bòdwo a nèt si ou wè yon founisè oswa ale nan yon etablisman swen sante ki pa nan rezo plan sante ou.

“Andeyò rezo” oswa ki pa nan rezo a vle di founisè ak etablisman ki pa te siyen yon kontra avèk plan sante ou an pou bay sèvis yo. Founisè andeyò rezo a ka otorize faktire ou pou diferans ki genyen ant sa plan ou peye a ak montan total yo fè peye pou yon sèvis. Sa rele **“faktirasyon balans.”** Montan sa a gen anpil chans pou li plis pase frè yo fè peye anndan rezo a pou menm sèvis la epi li ka pa konte nan franchiz oswa nan limit ou ta dwe peye ak lajan ki sot nan pòch ou pa ane pou plan ou an.

“Bòdwo sipriz” se yon faktirasyon balans sanzatann. Sa ka rive lè ou pa kapab kontwole kimoun ki patisipe nan swen ou—pa egzanp lè ou gen yon ijans oswa lè ou planifye yon vizit nan yon etablisman ki nan rezo a men se yon founisè ki pa nan rezo a ki trete ou sanzatann. Bòdwo medikal sipriz ka koute plizyè milye dola selon pwosedi a oswa sèvis la.

Ou pwoteje kont faktirasyon balans pou:

Sèvis dijans yo

Si ou gen yon pwoblèm medikal dijans epi ou resevwa sèvis dijans nan men yon founisè oswa yon etablisman ki pa nan rezo a, sa gen ladan yon lopital oswa yon sant chiriji anbilatwa, plis yo kapab faktire ou se montan pataj frè andedan rezon pou plan ou (tankou kopeman, ko-asirans ak franchiz). Yo pa kapab fè ou peye faktirasyon balans pou sèvis dijans sa yo. Sa gen ladan sèvis ou ka jwenn apre ou nan yon eta estab, sòf si ou bay konsantman alekri epi ou renonse ak pwoteksyon ou yo pou yo pa fè ou peye faktirasyon balans pou sèvis apre stabilizasyon sa yo.

Tanpri gade anba la pou w jwenn enfòmasyon konsènan Iwa Florid la.

Sèten sèvis nan yon etablisman ki andedan rezo a

Lè ou resevwa sèvis nan yon etablisman ki andedan rezo a, sa gen ladan yon lopital oswa yon sant chiriji anbilatwa, sèten founisè ki la gendwa pa nan rezo a. Nan ka sa yo, plis founisè sa yo ka fè w peye se montan pataj frè nan rezo plan ou an. Sa aplike pou sèvis medsin dijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, ospitalis, oswa sèvis doktè swen kritik yo. Founisè sa yo pa kapab faktire ou balans epi yo pa kapab mande ou pou ou renonse ak pwoteksyon ou genyen pou yo pa faktire ou balans.

Si ou resevwa lòt kalite sèvis nan etablisman andedan rezo sa yo, founisè ki pa nan rezo a pa kapab faktire ou balans, sòf si ou bay konsantman alekri epi ou renonse ak pwoteksyon ou yo.

Ou pa janm oblige renonse ak pwoteksyon ou kont faktirasyon balans. Epitou ou pa oblige resevwa swen andeyò rezo a. Ou ka chwazi yon founisè oswa yon etablisman nan rezo plan ou an.

Tanpri gade anba la pou w jwenn enfòmasyon konsènan lwa Florid la.

Lè yo pa otorize faktirasyon balans, ou gen pwoteksyon sa yo tou:

- Ou responsab pou w peye sèlman pati pa ou nan frè a (tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz ou t ap peye si founisè a oswa etablisman an te nan rezo a). Plan sante ou an pral peye founisè ak etablisman ki pa nan rezo a nenpòt lòt frè anplis dirèkteman.
- Anjeneral, plan sante ou an dwe:
 - Kouvri sèvis dijans san yo pa mande pou ou jwenn apwobasyon pou sèvis yo davans (yo rele sa tou "otorizasyon davans").
 - Kouvri sèvis dijans founisè andeyò rezo a bay.
 - Baze sa ou dwe founisè a oswa etablisman an (pataj frè) sou sa li ta peye yon founisè oswa yon etablisman ki nan rezo a epi montre montan sa nan eksplikasyon avantaj ou yo.
 - Konte nenpòt montan ou peye pou sèvis dijans oswa sèvis andeyò rezo a nan kalkil franchiz ou ak limit lajan ki sot nan pòch ou.

Loi de Floride

La loi de Floride contient généralement des protections contre la facturation du solde similaires à celles de la loi « No Surprises Act » (telle que décrite dans cet avis), mais si vous avez un certain type de plan de santé (c'est-à-dire des plans commerciaux entièrement financés, tels que des plans de fournisseurs préférés (« PPO ») ou des plans de fournisseurs exclusifs (« EPO »)), votre fournisseur ne peut pas vous facturer plus que le montant du partage des coûts dans le réseau, même si vous donnez votre consentement. Si vous bénéficiez de l'un de ces plans, la Floride étend également les protections contre la facturation du solde aux services d'urgence et non urgents couverts fournis dans un centre de soins urgents. Si vous n'êtes pas sûr(e) de bénéficier de l'un de ces plans, veuillez consulter votre carte d'assurance, appeler votre assureur ou contacter les services financiers aux patients d'AdventHealth au 1-800-952-5462.

Si ou panse ke yo te mal faktire ou, kontakte Sèvis Èd HHS No Surprises nan 1-800-985-3059, ki se antite ki responsab pou fè respekte lwa federal sou pwoteksyon kont faktirasyon balans oswa bòdwo sipriz. Vizite cms.gov/nosurprises/consumers pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou dapre lalwa federal.

Epitou Florid gen yon pwosedি rezolisyon konfli endepandan pou rezoud pwoblèm anrapò ak reklamasyon, sa gen ladan diskisyon avèk founisè ou oswa plan asirans ou anrapò ak faktirasyon balans ou resevwa ki pa jistifye. Si ou te resevwa yon move faktirasyon balans nan men founisè ou, ou ka pote yon plent nan Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florid la lè ou ale nan www.fdacs.gov/#_. Si ou te resevwa yon move faktirasyon balans nan men konpayi asirans ou, ou ka pote yon plent nan Biwo Florid pou Reglemantasyon Asirans, Depatman Sèvis Finans nan <https://myfloridacfo.com/division/consumers/>.